

## **Travay Klas Avanse ak Ekselans pou Tout Moun**

### **Pou Ane Lekòl 2020-2021 an**

**Klas Travay Avanse (“Advanced Work Class” -AWC)** se yon pwogram aprentan nan Lekòl Piblik Boston yo ki bay elèv klas 4yèm jiska 6yèm ane yo yon kourikoulòm akademik akselere. Pwogram sa a genyen ladan l matyè ke elèv yo etidye nan yon fason pi pwofon, plis travay lekòl ak plis etid ki pou fèt lakay pase kourikoulòm tradisyonèl la.

*Admisyon:* Se rezilta elèv yo nan egzamen TerraNova a (3yèm edisyon an) ki detèmine elijibilite yo pou pwogram AWC a, ke yo ofri nan otòn nan pou elèv klas 3yèm ane yo. Yo ofri l tou nan jou egzamen kèk weekend pandan otòn nan pou elèv klas 4yèm ak 5yèm ane ki pa genyen okenn rezilta yon egzamen TerraNova oparavan. Si nou envite pitit ou an pou l patisipe nan AWC an (Klas Travay Avanse an), lis chwa lekòl ou an ap genyen pwogram AWC an ladan l ansanm ak òf pwogram nòmal yo. Akoz disponibilite yo limite, nou pa kapab garanti yon envitasyon pou plasman nan AWC.

**Klas Travay Avanse (Ibrid)** se klas kote elèv edikasyon jeneral yo aprann ansanm avèk elèv ki te pase egzamen antre pwogram AWC an.

**Ekselans pou Tout Moun (“Excellence for All” - EFA)** se yon inisyatif ki kreye pou l asire ke tout elèv 4yèm a 6yèm ane yo genyen aksè a eksperyans aprantisaj kalite siperyè, otantik k ap prepare yo pou lekòl segondè, inivèsite (kolèj), ak karyè yo. Lekòl EFA yo mete anfas sou pouse elèv yo pou pi devan nan rezonman kritik yo, abiltè ekriti yo, ak a abiltè yo pou rezoud defi yo nan lavi reyèl la. Elèv yo patisipe nan klas Wobotik, Kodaj (Chifraj) ak Lang Mondyal. Epitou elèv yo konplete yon pwojè final (“capstone”) nan fen ane a epi yo prezante pwojè yo devan paran yo, kamarad yo, ak pwofesè yo.

*Admisyon:* Pa genyen okenn egzijans (rekiz) pou pwogram «Ekselans pou Tout Moun» nan. Tout elèv ki nan lekòl Ekselans pou Tout Moun yo ki nan klas 4yèm jiska 6yèm ane yo patisipe nan pwogram EFA la.

#### **Kòman pou Aplike**

Si w se yon elèv AWC (Klas Travay Avanse) nou fenk invite, w ap resevwa yon fòm chwa lekòl nan men Lekòl Piblik Boston an janvyè oswa fevriye. Tout lòt elèv kapab ranpli yon fòm chwa nan yon Sant Dakèy. Nou ankouraje tout fanmi pou yo fè chwa lekòl yo nan peryòd priyoritè enskripsyon pitit nou, pou n ka genyen meyè chans pou n resevwa chwa pi prefere n yo.

- 6 janvyè – 31 janvyè, 2020 si elèv la ap antre nan klas 6yèm Ane
- 10 fevriye - 3 avril, 2020 si elèv la ap antre nan klas 4yèm oswa 5yèm Ane

Dèyè fèy sa a, n ap jwenn lis pwogram disponib nou t ap atann nan pou ane lekòl 2020-2021 an. Tanpri note:

- Elèv yo ka chwazi sèlman pami lekòl ki sou lis chwa yo. Pou w ka wè lis chwa pèsonalize pitit ou an, tanpri konsilte sit entènèt [discoverbps.org](https://discoverbps.org) oswa yon Sant Dakèy Lekòl Piblik Boston (BPS).
- Nou pa kapab garanti espas disponib nan chak pwogram.
- Pwogram yo sijè a chanjman.

Pwogram AWC & EFA Nou Atann pou Ane Lekòl 2020-2021 a

| <b>Lekòl</b>                 | <b>Katye</b>  | <b>Pwogram Nan</b>                                   | <b>Klas Li Sèvi</b> |
|------------------------------|---------------|--|---------------------|
| Bates                        | Roslindale    | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 5yèm ane     |
| Bradley                      | East Boston   | Klas Travay Avanse                                   | 5yèm a 6yèm ane     |
| Condon                       | South Boston  | Klas Travay Avanse                                   | 4yèm a 6yèm ane     |
| Curley                       | Jamaica Plain | Klas Travay Avanse (Ibrid) ak Ekselans pou Tout Moun | 4yèm a 6yèm ane     |
| Edison                       | Brighton      | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 6yèm ane     |
| Frederick Pilot Academy      | Dorchester    | Ekselans pou Tout Moun                               | 6yèm ane            |
| Gardner Pilot Academy        | Allston       | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 6yèm ane     |
| Grew                         | Hyde Park     | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 5yèm ane     |
| Guild                        | East Boston   | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 6yèm ane     |
| Harvard Kent                 | Charlestown   | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 6yèm ane     |
| Hennigan                     | Jamaica Plain | Klas Travay Avanse (Ibrid)                           | 4yèm a 6yèm ane     |
| Holmes                       | Dorchester    | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 5yèm ane     |
| Irving                       | Roslindale    | Ekselans pou Tout Moun                               | 6yèm ane            |
| Jackson Mann                 | Allston       | Klas Travay Avanse                                   | 4yèm a 6yèm ane     |
| King K8                      | Roxbury       | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 6yèm ane     |
| Lee K8                       | Dorchester    | Klas Travay Avanse (Ibrid)                           | 5yèm a 6yèm ane     |
| Mendell                      | Roxbury       | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 5yèm ane     |
| Murphy                       | Dorchester    | Klas Travay Avanse                                   | 4yèm a 6yèm ane     |
| Ohrenberger                  | West Roxbury  | Klas Travay Avanse                                   | 4yèm a 6yèm ane     |
| Orchard Gardens Pilot School | Roxbury       | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 6yèm ane     |
| Philbrick                    | Roslindale    | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 5yèm ane     |
| Quincy Elementary            | Chinatown     | Klas Travay Avanse                                   | 4yèm a 5yèm ane     |
| Quincy Upper                 | Chinatown     | Klas Travay Avanse (Ibrid)                           | 6yèm ane            |
| Sumner                       | Roslindale    | Ekselans pou Tout Moun                               | 4yèm a 5yèm ane     |
| Timilty                      | Roxbury       | Klas Travay Avanse (Ibrid)                           | 6yèm ane            |